


# Aksè ak Swen Sante Jodi a avèk NYC Care



Nan NYC, nou kwè chak abitan Nouyòk gen dwa pou yo jwenn aksè ak swen primè, swen prevansyon, ak swen sante espesyalize **san yo pa gade sou estati yo antanke imigran ni sou kapasite yo genyen pou yo peye**. Antanke yon anplwaye, ou merite gen aksè ak sèvis swen sante kalite nan diyite ak respè.

Viv byen, viv an bòn sante kòmanse lè w gen aksè ak swen primè, konsa, ou ka jwenn swen ou bezwen an avan ou tonbe malad. Swen primè vle di gen yon relasyon ak yon doktè ansanm ak tout yon ekip swen sante k ap wè ou regilyèman pou ede w rete an sante. Sa gen ladan I konsiltasyon jeneral regilye, depistaj kansè, ak vaksinasyon tankou vaksen kont grip.



## Poukisa ou ta dwe enskri nan NYC Care?

- + Nou entèrese ak sante w epi nou vle pou ou ka gen aksè ak sèvis w ap bezwen yo pou w rete an sante
- + Gen aksè ak sèvis swen sante yo nan 11 etablisman NYC Health + Hospitals ak nan 30 klinik Gotham Health
- + Resevwa referans pou espesyalis ki nan sistèm nou an nan men founisè swen primè ou a
- + Li fasil pou w rele NYC Care Contact Center nan 646-NYC-CARE pou w antre an kontak ak yon reprezantan, yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7



**K: Ki kote mwen ka itilize NYC CARE?**

**R:** NYC Care aktyèlman ofri manm yon rezo founisè ak sèvis nan sant NYC Health + Hospitals yo. Pou w jwenn yon lis lokal NYC Health + Hospitals, rele NYC Care Contact Center nan **1-646-NYC-CARE (1-646-692- 2273)** oswa vizite [nyccare.nyc](http://nyccare.nyc).

**K: Èske mwen kalifye pou NYC Care?**

**R:** Pou w detèmine si w elijib, rele **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)** jodi a.

**K: Konbyen m ap gen pou m peye pou sèvis yo?**

**R:** Pa gen okenn frè pou w antre, pa gen prim, ni frè chak mwa. Pri pou w resevwa swen sante depann de gwosè fanmi w ak revni w, li kòmanse nan \$0. Pou w jwenn plis Enfòmasyon, tanpri vizite [nyccare.nyc](http://nyccare.nyc) pou wè tablo echèl frè a.

**K: Èske NYC Care se yon Asirans Sante?**

**R:** NYC Care se yon pwogram aksè ak swen sante ki ofri yon rezo founisè ak sèvis nan tout etablisman NYC Health + Hospitals ki nan vil la. Kontrèman ak Asirans sante, pa gen okenn frè pou w antre, pa gen prim, ni frè chak mwa.

**K: Mwen gen Asirans Sante deja. Èske mwen ta dwe kite l pou m enskri nan NYC Care?**

**R:** Si ou gen Asirans sante pou kounya, pa kite l. Moun ki elijib pou Asirans gras ak patwon yo, Marketplace oswa Medicaid ta dwe enskri nan pwogram yo elijib pou li a.

**K: Kijan mwen ka aprann plis oswa enskri nan NYC Care?**

**R:** Rele **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)**. Yo pale lang ou pale al NYC Care te fè patenarya ak òganizasyon kominotè yo tou pou ankouraje sensibilizasyon ak enskripsyon. Ou ka vizite [nyccare.nyc](http://nyccare.nyc) pou w aprann plis epi pou w konsilte lis aktyèl patnè kominiotè yo.

**K: Kijan mwen ka jwenn bwochi yo?**

**R:** Tanpri vizite [nyccare.nyc/resources](http://nyccare.nyc/resources) pou w telechaje materyèl yo nan 14 lang.